


Bidjè Pwopoze pou AF 2009-10




Delivering Excellence Every Day




Bidjè Pwopoze pou AF 2009-10

- Yo anonse to taks yo a yon nivo ki pou bay menm montan taks lane dènyè yo
- Ajisteman Fikse kòm Objektif nan Bidjè a
- Bidjè Fonksyonman ak Ekipman
- Ajisteman Frè yo
- Sakapfèt Apre sa



Pou Tout Konte a, Distrik Ponpye, Bibliyotèk, ak To an Milyèm pou Fonksyonman UMSA ak To an Milyèm Vote pou Peye Dèt



Enpak pou Pwopriyetè yo

PWOPRIYETÈ KAY KI GEN "HOMESTEAD" YO

Enpak pou Pwopriyetè	2008	2009	
Kay ki evalye a:	\$250,000	\$250,250	Kwasans nan valè "Save Our Homes (kay ak homestead)" yo limite a 0,1 pousan an 2009
Egzan Homestead	(\$50,000)	(\$50,000)	
Valè Taksab	\$200,000	\$200,250	
Prelèvman Taks Konte Miami-Dade pou Rezidan:			Diferans nan Taks yo
Hialeah (Pou tout Konte a)	\$1,025	\$1,063	\$38.77
North Miami Beach (Pout Konte a ak Ponpye)	\$1,470	\$1,509	\$39.24
Miami (Pou tout Konte a ak Bibliyotèk)	\$1,101	\$1,115	\$13.79
Homestead (Pou tout Konte a, Ponpye, ak Bibliyotèk)	\$1,546	\$1,561	\$14.27
Zòn Ki Pa Enkòpore yo (Pou tout Konte a, Ponpye, ak Bibliyotèk)	\$1,948	\$1,963	\$14.77
Nòt: Peman taks estime pou minisipal ite yo ki sou lis pi wo la a pa enkli to an milyèm pou minisipal ak pou Asanble Edikasyon			



Enpak pou Pwopriyetè yo

PWOPRIYETÈ KI PA GEN "HOMESTEAD"


Enpak pou Pwopriyetè ki pa gen "homestead"	2008	2009	
Kay ki evalye a:	\$250,000	\$225,000	Sipoze yon pèt valè de 10 pousan sèlman
Egzan Homestead	\$0	\$0	
Valè Taksab	\$250,000	\$225,000	
Prelèvman Taks Konte Miami-Dade pou Rezidan:			Diferans nan Taks yo
Hialeah (Pou tout Konte a)	\$1,281	\$1,195	(\$85.96)
North Miami Beach (Pout Konte a ak Ponpye)	\$1,838	\$1,696	(\$141.72)
Miami (Pou tout Konte a ak Bibliyotèk)	\$1,376	\$1,253	(\$123.68)
Homestead (Pou tout Konte a, Ponpye, ak Bibliyotèk)	\$1,933	\$1,754	(\$179.44)
Zòn Ki Pa Enkòpore yo (Pou tout Konte a, Ponpye, ak Bibliyotèk)	\$2,435	\$2,205	(\$229,66)
Nòt: Peman taks estime pou minisipal ite yo ki sou lis pi wo la a pa enkli to an milyèm pou minisipal ak pou Asanble Edikasyon			



Delivering Excellence Every Day

Ajisteman Fikse Kòm Objektif Nan Bidjè a

- **Sèvis Zannimo**
 - Elimine pòs yon Teknisyen Vwari ki va ogmante kantite jou sa pran pou vin ranmase yon bèt mouri de 3 jou a 3 jou edmi
- **Koreksyon ak Reyabilitasyon**
 - Desantralize Biwo Sèvis Reyabilitasyon Prizonye (ekonomize \$1,2 milyon dola, elimine 20 pòs)
 - Elimine yon pòs Ajan Dakèy nan “Ward D” (\$543,000)
 - Redwi antretyen lokal yo (\$250,000)




Ajisteman Fikse Kòm Objektif Nan Bidjè a

- **Ponpye**
 - Redwi Seksyon Sèvis Anti-Venen (\$480,000); Ap gen yon anplwaye a tan plen, rès fonksyon yo ap ranpli pa anplwaye ki sòt nan de lòt seksyon
 - Retounen nivo sèvis Estasyon Ponpye Key Biscayne lan (Estasyon 15) a nivo AF 2004-05 lan (\$1,4 milyon); elimine pwogram Ekip Repons Dijans Motosiklèt la (MERT) (\$907,000); anile tout klas ponpye MDFR yo (\$1,613 milyon)
 - Pa deplwaye bato "Fire Boat 2" nan Haulover Marina (\$2,4 milyon)



Delivering Excellence Every Day




Ajisteman Fikse Kòm Objektif

- **Lapolis**

- Depatman an ap oblije enplimante rediksyon nan ovètaym (\$4,701 milyon) atravè tout depatman an epi lap ranwaye dat ranplasman machin polis yo ak divès reparasyon (\$4,591 milyon)
- Depatman an va re-òganize epi redwi Biwo Afè Kominotè (CAB) ak Biwo Afè Entègouvènmantal (IGB) ki va ekonomize \$1,263 milyon; yap re-deplwaye ajan polis ki sòt nan biwo sa yo pou fè sèvis Inisyativ Ranfòsman Amelyore (sig Angle EEI) de fason regilye olyede travay ovètaym sa ki va ekonomize \$12,797 milyon

- **Transpò Piblik**

- Fon Jeneral “Maintenance of Effort (MOE)” pou tout Konte a va rete menm pou AF 2009-10 la ki va reprezante yon bès revni de \$4,886 milyon; enpak ke sa va genyen sou sèvis bis yo se pral yon rediksyon de revni de 500,000 milyaj pakou ak eliminasyon 50 pòs
- Restriktire pakou bis yo pou maksimize efikasite ak elimine pakou ki repete yo, sa pral elimine pòs chofè otobis (ki reprezante yon ekonomi total de \$15 milyon) ak yon enpak sèvis minim pou kliyan otobis yo



Ajisteman Fikse Kòm Objektif Nan Bidjè a

- **Travo Piblik**

- Redwi sèvis flite moustik an elikoptè (\$243,000); yap pran kontra ak yon sèvis ayeryèn pou ranpli fonksyon sa a lè nesèsè; elimine 15 nan kantite misyon ayeryèn sa yo, ap rete 15 pa ane
- Elimine ranplasman pyebwa ke asirans pa kouvri (\$450,000); twa koup gazon ak traktè sou vwa piblik yo sou kontra (\$210,000); kat jaden peyizaj ak kat sik ranmasaj fatra sou kontra (\$480,000)
- Depatman an va elimine youn nan senk ekip ki ranje twou sou wout yo (\$199,000), sa pral ogmante kantite tan pou reponn yon demann a de (2) jou olye de yon jou; yap elimine sèvis flite pwazon zèb otou gadfou yo (\$167,000)



Ajisteman Fikse Kòm Objektif Nan Bidjè a


- **Pak ak Rekreyasyon**

- Rediksyon nan pwogramasyon pak yo (\$1.887 milyon); elimine pwogram akwatik yo nan “Leisure Access Division” (\$627,000); Fon jeneral ki sipòte dè pwogram tankou eskrim, devlopman espòtif, pwogram apre lekòl, kan dete, kan yon jounen, ak dè pwogram atletis epi fè pwogram sa yo sou yon baz de frè peye ki egal a depans yo oswa ak yon dotasyon (\$2,913 milyon); elimine pwogramasyon grandèt yo (\$236,000);
- Rediksyon nan antretyen pak yo pou enkli rediksyon nan kantite faz koupe gazon nan pak katye yo ak pak metwopoliten yo (\$2,476 milyon);



Ajisteman Fikse Kòm Objektif Nan Bidjè a

- **Pak ak Rekreyasyon** (*kontinye*)
 - Rediksyon nan fonksyonman pisin yo (\$895,000);
 - Rediksyon nan sektè lèza ak kilti (\$749,000);
 - Fèmèn Fèm Zannimo yo nan Amelia Earhart Park epi elimine pwogram 4-H la (\$211,000); redwi fonksyonman Lak Larry ak Penny Thompson lan de tout lane pou vin a 10 semèn nan mwad ete yo (\$200,000); redwi kantite anplwaye a tan plen yo nan tout pak yo (\$1,320 milyon); redwi sèvis netwayaj nan tout pak yo enkli netwayaj twalet yo (\$85,000)



Ajisteman Fikse Kòm Objektif Nan Bidjè a


- **Bibliyotèk**

- Redwi fonksyonman bibliyotèk yo pa yon jou (\$6,736 milyon); liv ak materyèl; bidjè pou achte liv, videyo, jwèt edikatif, ak kasèt tep (\$4,853 milyon); Sèvis netwayaj nan divès bibliyotèk (\$313,000); kantite èdtan sèvis gad sekirite sou kontra (\$350,000); reparasyon planifye ak pwojè renovasyon (\$3,122 milyon); pwogramasyon bibliyotèk (\$99,000); sèvis otomatize (\$2,884 milyon); ak depans kòmmand travay pou ti reparasyon toulejou jou (\$1,625 milyon)



Ajisteman Fikse Kòm Objektif Nan Bidjè a

- **Ajans Aksyon Kominotè**
 - Redwi \$11,564 milyon sipò ak kontra Fon Jeneral la pou tout 2,268 Head Start yo ak 230 Early Head Start yo a dè ajans delege; elimine sèvis transpòtasyon yo ak nèf sant sèvis katye nan Divizyon “Self Help” la





Ajisteman Fikse Kòm Objektif Nan Bidjè a



- **Sèvis Sosyal**
 - Elimine 86 pòs travay akòz de rediksyon finansman sibvansyon epi elimine \$17,829 milyon nan sipò Fon Jeneral ak 213 pòs travay ki enkli eliminasyon Divizyon Sèvis Grandèt, Aktivis pou Grandèt, Sektè Sèvis pou Lafami ak Viktim, Anplwa Dete pou Lajenès ki va soutni atravè yon Ajans Aksyon Kominotè CSBG, Sektè Akèy Viktim Vyolans Familyal, ak Pwogram Asistans Finansman Dijans pou moun kap tann yo apwouve pou "SSI"
- **Elimine finansman pou tout Òganizasyon Debaz Kominotè (sig Angle CBO)**
 - Elimine tout sipò Fon Jeneral pou CBO yo ki sipèvize pa Depatman Afè Kiltirèl (\$11,168 milyon) ak Biwo Kowòdinatè Sibvansyon (\$30,797 milyon)



Bidjè Pwopoze pou Fonksyonman ak Ekipman \$ 7,828,000,000



Bidjè Fonksyonman Pwopoze \$4,729,000,000



Ajisteman Frè Rekòmande pou AF 2009-10

- **Dlo Potab ak Egou**

- Ajisteman to yo pou kliyan kap achte an detay baze sou antretyen endèks de sis pousan ak yon ogmantasyon to adisyonèl de 12 pousan; Tout kliyan, an mwayèn, ap peye apeprè \$77.16 an plis pa an



Ajisteman Rekòmande pou AF 2009-10

- **Jesyon Resous Anviwonmantal**
 - Pwopoze yon ogmantasyon 15 pousan ak dè nouvo frè pou rekipere depans sèvis anviwonmantal yo



Ajisteman Frè Rekòmande pou AF 2009-10


- **Pak ak Rekreyasyon**

- Ogmantasyon frè pou fonksyonman waf kabotaj yo tankou “wet-slips” ak frè tranzitwa yo; cabana, abri piknik, ak bilding pou lwe; operasyon gòlf pou enkli frè anviwonmantal, charyo gòlf, ak sak gòlf pou lwe; planifikasyon ak rechèch pou enkli divès zonay, reyinyon, ak renonsyasyon frè aplikasyon pou plan konstriksyon; divès to pou tounwa ak lig; frè transpò pou devlopman espòtif; tarif lokasyon pou pisin; evennman espesyal; frè pakin pou bis karavan (RV) oswa otobis; ogmante frè admisyon jeneral pou “Redland Fruit and Spice Park”; ak dè frè ki fèk pwopoze pou Metrozoo pou enkli foto souvni ak nouvo rankont zannimo



Ajisteman Frè Rekòmande pou AF 2009-10

- **Aviyasyon**
 - Ogmante Frè Aterisaj yo
- **Pò Maritim**
 - Ogmante frè pou bato kanpe sou waf yo, lwe chajè lodè, pasaje kwazyè, ak bato komèsyal yo



Sakapfèt Apre Sa

Reyinyon Bidjetè yo ap fèt jou
3 ak jou 17 septanm a 5:01 PM
Nan Sal Komisyon Asanble Konte a
111 NW 1st Street, 2^{èm} Etaj



Mèsi



Delivering Excellence Every Day



22



22